# KISHI BIZNES SUBYEKTLERI ISKERLIGINIŃ HÁZIRGI JAĆDAYI HÁM ONIŃ ÓZBEKSTAN EKONOMIKASINIŃ RAWAJLANIWINDAĆI ORNI.

**Aytmuratova U.J., Umirzaqova R.**
*QMU*

Mámleketimiz ekonomikasında strukturalıq ózgerislerdi jánede tereńlestiriw hám aymaqlarda kishi biznes hám isbilermenlik xızmetti jedellestiriw búgingi kúnniń áhmiyetli máselesi bolıp esaplanadı. Bazar qatnasıqların qáliplestiriw dáwirinde mámlekettiń isbilermenlik siyasatı ekonomikanıń tarmaq hám tarawlardaǵı teńsalmaqsızlıqtı támiyinlew, jańa tarmaqların shólkemlestiriw hám rawajlandırıw, xalıqtıń tutınıw tovarları, jumıs hám xizmetlerge hámde jumıs orınlarına bolǵan talabı joqarı dárejede támiynleniwine imkaniyat jaratılmaqda. Ekonomikanıń rawajlanǵanlıq dárejesi islep shıǵarıwdıń muǵdarlıq tárepleri menen bir qatarda sıpat dárejesi menen de belgilenedi. Sebebi zamanagóy jáhán ekonomikasında globallasıw procesi jedellesip baratırǵan eken jáhán bazarında joqarı sapalı, básekege shıdamlı tovarlar hám xizmetler islep shıǵarıwshılardıń ornı keńeyip, bekkemlenip baradı.

Mámleketimiz ekonomikasın modernizaciyalaw sharayatında isbilermenlikti rawajlandırıw hám onı keńeytiw boyınsha wazıypalardı ámelge asırıw aktual máselelerdiń biri bolıp esaplanadı. 2022-jılı yanvarda Ózbekstan Respublikası Prezidenti SH. Mirziyoev Oliy Majliske Múrájáátnamasında "Jáhánde quramalı geosiyosiy jaǵday, energiya resursları deficitligi kúsheyip barmaqta, azıq-awqatqa mútajlik artıp, finanslıq resurslar qımbatlaspaqta. Bunday jaǵdayda, qanshelli salmaqlı bolmayın, ekonomikalıq reformalardı qatań dawam ettiremiz, ishki múmkinshiliklerdi tolıq saplastırıp, menshikli sektordı jáne de qollap-quwatlaymız. Onıń ushın, bárinen burın, isbilermenlik ortalıǵın barǵan sayın jaqsılaw boyınsha reformalardı jedellestiremiz."[1] Sonlıqtanda, mámleketimiz ekonomikasın modernizaciyalawdıń búgingi basqıshında isbilermenlik subyektiniń ornı ahmiyetli. Zamanagóy ekonomika rawajlanıwına, atap aytqanda, isbilermenlik subyektleri iskerligine tásir kórsetetuǵın tiykarǵı faktorlardan biri bul mámlekettiń ámeldegi kredit siyasatı esaplanadı.

Sonday-aq, 2020-2025-jıllarǵa mólsherlengen Ózbekstan Respublikasınıń bank sistemasın reformalastırıw strategiyasında kreditlestiriwdi tek ǵana bazar shártleri tiykarında ámelge asırıw, kredit portfelin basqarıw sapasın jaqsılaw, kreditlestiriw kólemleriniń turaqlı ósiwine ámel etiw mámleket bank sistemasın reformalastırıwdıń tiykarǵı baǵdarları sıpatında járiyalanǵan.[2]

Mámleketimizde kishi biznesti rawajlandırıw boyınsha toplanǵan tájiriybeler sonı kórsetedi, kárxanalardıń básekige shıdamlılıq dárejesin asırıw olardıń óz iskerligi dawamında keńeyip, irilesip barıwın talap etedi. Biraq, kishi biznes subyektlerin mámleket tárepinen qollap-quwatlaw maqsetinde belgilengen jeńilliklerge iye bolıw imkaniyatın beretuǵın kárxanalardıń muǵdar shegaraları ayırım jaǵdaylarda usı processlerge tosqınlıq etiwi múmkin. Ótken dáwir dawamında mámleketimizde sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıw dárejesiniń kóteriliwi, kishi biznes subyektleri ushın jaratılǵan qolaylı sharayatlar nátiyjesinde ekonomikalıq potencialı artqan kóplegen kárxanalar usı jeńilliklerden paydalanıwdı dawam ettiriw maqsetinde óz xızmetkerleriniń sanın belgilengen muǵdar shegarası ishinde saqlap qalıwǵa háreket etpekte. Bul bolsa, olardıń irileniw procesine tosqınlıq etpekte. Ózbekstan Respublikasında kishi biznes subyektleriniń rawajlanıwı ǵárezsizlikke erisilgen dáwirden baslap házirgi kúnge shekem belgili bir basqıshlardı basıp ótti. Derlik 34 jıl dawamında kishi biznes subyektleriniń rawajlanıwı boyınsha bir qatar normativlik hújjetler, huqıqıy tiykarlar jaratıldı. Bul baǵdarda ámelge asırılǵan jumıslar tiykarında kishi biznes subyektleri rawajlanıw basqıshların klassifikaciyalap shiqtıq.(1-keste)

**1-keste. Ózbekstan Respublikasında kishi biznes subyektleri túrli shegaralarınıń ámel etiw basqıshları.**

| Basqısh | Jıllar | Tiyisli normativ hújjet |
|---|---|---|
| I | 1992-1995 | "Ózbekstan Respublikasında kishi karxanalar haqqında Nızam" (Ministrler Kabinetiniń 1992-jıl 26-fevraldaǵı 85-san) |
| II | 1995-1998 | Ózbekstan Respublikasınıń "Kishi hám jeke isbilermenlikti rawajlandırıwdı xoshametlew haqqında" Nızamı (1995-jıl 21-dekabr) |
| III | 1998-2003 | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń "Jeke menshik isbilermenlik, kishi hám orta biznesti jáne de rawajlandırıwdı xoshametlew boyınsha ilajlar haqqında"ǵı Pármanı (1998-jil 9-aprel) |
| IV | 2003-2011 | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń «Kishi isbilermenlik (biznes) subyektlerine tiyisli bolǵan kárxanalar hám shólkemler klassifikaciyasın tastıyıqlaw haqqında»ǵı Qararı (2003-jıl 11-oktyabr) |
| V | 2011-2019 | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń «Kishi isbilermenlik (biznes) subyektlerine tiyisli bolǵan kárxanalar hám shólkemler klassifikaciyasına ózgerisler kirgiziw haqqında»ǵı qararı (2013-jıl 14-iyun), Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Ózbekstan Respublikasında investiciya klimatı hám isbilermenlik ortalıǵın jáne de arttırıw jetilistiriwge tuwralı qosımsha ilajlar haqqında»ǵı (2014-jıl 7-apreldegi PF-4609-sanlı Pármanı) Qararı (2014-jıl 3-iyul). Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Ózbekiston Respublikasın jáne de rawajlandırıw boyınsha Háreketler strategiyası haqqında»ǵı (2017-jıl 7-fevraldaǵı PF-4947-sanlı Pármanı) |
| VI | 2020-jıldan keyin | 2020-jıldan keyingi dáwirler Ózbekstan Respublikası pandemiyası hám global Prezidentiniń «Koronavirus krizis jaǵdaylarınıń ekonomikası tarmaqlarına unamsız tásirin jumsartıw boyınsha birinshi gezektegi ilajlar haqqında»ǵı (2020-jıl 19-marttaǵı PP-5969-sanlı Pármanı), Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Koronavirus pandemiyası dáwirinde xalıq, ekonomika tarmaqları hám isbilermenlik subyektlerin qollap-quwatlap qollap-quwatlawǵa baylanıslı qosımsha ilajlar haqqında»ǵı |

| | | |
|---|---|---|
| | | (2020-jıl 3-apreldegi PF-5978-sanlı Pármanı). Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Isbilermenler menen 2022-jılǵı «Ashıq sóylesiw»de belgilengen wazıypalardı ámelge asırıw ilajları haqqında»ǵı (2022-jıl 30-avgusttaǵı PQ-364-sanlı qararı) |

2022-2026-jıllarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyasınıń 29-maqsetine muwapıq, isbilermenlik jumısın shólkemlestiriw hám turaqlı dáramat dáreklerin qáliplestiriw ushın sharayatlar jaratıw, jeke menshik sektordıń Jalpı ishki ónimdegi úlesin 80 procentke hám eksporttaǵı úlesin 60 procentke arttırıw belgilengen. Áhmiyetli wazıypalar sıpatında aymaqlarda 200 jańa sanaat zonaların shólkemlestiriw hám biznes-inkubatorlar sistemasın rawajlandırıw, sharayatı awır bolǵan rayonlarda isbilermenlikti rawajlandırıw ushın jáne de qolaylı sharayatlar jaratıw, aymaqlarda isbilermenlikti qollap-quwatlaw, jumıssızlıq hám kámbaǵallıqtı qısqartıw boyınsha bar strukturalardıń jumısın jetilistiriw, ekonomikada mámleketlik qatnasın qısqartıw hám jeke menshik sektorǵa keń jol ashıw, ekonomikalıq qatnasıqlarda erkin bazar principlerin engiziwdi keńeytiw sıyaqlılar ayrıqsha belgilep qoyılǵan.

Bizge belgili, mámleketimizde kishi biznesti rawajlandırıw hám finanslıq qollap-quwatlaw maqsetinde 2023-jılı «Kishi hám orta biznesti finanslıq qollap-quwatlaw sistemasın jetilistiriw is-ilajları haqqında»ǵı PQ-193-sanlı Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Pármanı qabıl etildi.[3] Hújjetke muwapıq, mámleketlik baǵdarlamalar sheńberinde ajıratılıp atırǵan kreditlerden nátiyjeli paydalanıw, olardıń óz waqtında qaytarılıwın támiyinlew maqsetinde 2024-jıl 1-iyulden baslap: kredit ajıratıwdıń barlıq basqıshları (arzanı kórip shıǵıw, qarar qabıl etiw, kepillik beriw hám kredit ajıratıw) sanlastırılǵan halda elektron platformalarda ámelge asırılıwı; kredit támiynatların qadaǵalaw, girewge alınǵan múlklerdi qadaǵalawdan tolıq yamasa bir bólegin shıǵarıw hám almastırıw processleri elektron platformalar arqalı oraylasqan halda shólkemlestiriliwi; zamanagóy málimleme texnologiyaları járdeminde qarıydarlar biznes-rejeler tiykarında jumıs alıp barıp atırǵanı, pul aǵımları hám basqa kórsetkishlerin tallaw arqalı qáwipler aldınnan anıqlanıwı; mámleketlik baǵdarlamalar sheńberinde rayon (qala) hám máhállelerge ajıratılatuǵın kreditlerdiń kólemi júzege kelgen mashqalalı kreditlerdiń úlesinen kelip shıǵıp belgilenetuǵını kórsetip ótildi.

Atap aytqanda, 2024-jıl 1-yanvardan 2026-jıl 1-yanvarǵa shekem mámleketlik satıp alıwlar arnawlı málimleme portalında mámleket qatnasıwındaǵı iri kárxanalar menen kooperaciya tiykarında shólkemlestirilgen kishi isbilermenlik subyektlerine ózleri islep shıǵarǵan tovarlardı (ónimlerdi) bir qarjı jılı dawamında mámleketlik buyırtpashılarǵa jámi 10 milliard sumǵa shekemgi bahada tikkeley shártnamalar tiykarında satıwǵa ruxsat beriletuǵını belgilendi. 2024-2026-jıllarda kishi isbilermenlik subyektlerine Oraylıq banktiń tiykarǵı stavkasınan 4 procentlik punkt joqarı hám tiykarǵı stavkanıń 1,75 esesinen aspaǵan stavkada milliy valyutada 5 milliard sumǵa shekem ajıratılatuǵın kreditler boyınsha tiykarǵı stavkanıń 40 procentine shekemgi muǵdarda úsh jıldan artıq bolmaǵan múddetke kompensaciya beriletuǵını belgilendi. Endi biz bul imkaniyat hám dastúrlerdiń elimizde kishi biznes subyektleri sanı asıwında hám nátiyjeli iskerlik kórsetiwine qanday tásir etkenligin kórip shıǵamız.

2025-jıldıń 1-yanvar jaǵdayına iskerlik kórsetip atırǵan kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı 358,1 mıńdı quradı. Kishi isbilermenlik subyektleriniń sanı hár 1000 xalıqqa 12,1 birlikti quradı. 2025-jıl 1-yanvar jaǵdayındaǵı jumıs júrgizip atırǵan kishi kárxana hám mikrofirmalar (fermer hám diyqan xojalıqlarınan tısqarı) sanı jámi 358 116 dana, sonnan jańa shólkemlestirilgen 77 046 di dizimge alındı. 2025-jıldıń 1-yanvar jaǵdayına bola aymaqlar boyınsha jumıs alıp barıp atırǵan kishi kárxana hám mikrofirmalardıń kópshiligi Tashkent qalasında 84 453 yamasa jámi salıstırǵanda 23,6,% ti, Tashkent wálayatında 34 389 yamasa barlıǵına salıstırǵanda 9,6,% ti quradı. hám Samarqand wálayatında 31 470 dana yamasa 8,8% ti quradı.




**1-diagramma. Iskerliktegi kishi kárxana hám mikrofirmalar sanınıń dinamikası (mıń birlik) [4]**

2024-jılı kishi kárxanalar sanınıń ósiw páti tómenlegen bolsa da, isbilermenlik Ózbekstan ekonomikasında áhmiyetli rol atqarıwda dawam etti. Sektortıń jáne de rawajlanıwı ushın mámleket tárepinen kóbirek qarjılay járdem, avtomatlastırıw dárejesin arttırıw hám tártipke salıw processlerin jeńilletiw zárúr.

Maǵlıwmatlar sonı kórsetedi, sawda, sanaat hám xızmetler tarawında kishi isbilermenlikti rawajlandırıw ushın úlken imkaniyatlar bar. Kishi kárxanalar sanınıń kóbeyiwi hám olardıń nátiyjeliligi ekonomikalıq turaqlılıqtı bekkemlew hám úzliksiz ósiwdi támiyinlewge járdem beredi.




**2-diagramma. Aymaqlar boyınsha jumıs alıp barıp atırǵan kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı. [4]**

Diagrammaǵa tiykarlanıp biz sonı aytıwımız múmkin, 2024-jıldıń yanvar-dekabr aylarında aymaqlar boyınsha jańadan shólkemlestirilgen kishi kárxana hám mikrofirmalardıń jámi salıstırǵanda eń kóp úlesi Tashkent qalası - 21,2%, Xorezm wálayatı - 8,9%, Tashkent wálayatı - 8,8%, Samarqand wálayatı - 8,6%, Fergána wálayatı - 7,7%, Buxara wálayatı - 6,4% hám Surxandárya wálayatı - 6,3% úleslerine tuwra keldi.

Keyingi jılları mámleketimizde isbilermenlik tarawın rawajlandırıwǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Bul baǵdarda jaratılıp atırǵan huqıqıy, ekonomikalıq hám finanslıq imkaniyatlar nátiyjesinde isbilermenlerdiń sanı jıl sayın artıp barmaqta. Atap aytqanda, 2024-jıldıń dáslepki altı ayı dawamında 28,5 mıń jańa isbilermenlik subyektleri shólkemlestirilgen bolıp, bul tarawǵa ajıratılǵan kredit kólemi 65,5 trillion sumdı quradı. Bul kórsetkish ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 50 procentke artqanın kórsetedi. Isbilermenlik jumısın xoshametlew menen birge, mámleketimizde investiciyalıq ortalıqtı jaqsılaw baǵdarında da keń kólemli jumıslar ámelge asırılmaqta. Sonıń ishinde, 2024-jıldıń birinshi yarım jıllıǵında tartılǵan investiciyalardıń ulıwma kólemi 15,5 milliard AQSh dollarına teń bolıp, sonnan 13,9 milliard dolları tikkeley investiciyalar úlesine tuwra kelgen. Bul bolsa, óz gezeginde, mámleket ekonomikasına sırt el investorlarınıń qızıǵıwshılıǵı artıp atırǵanınan dárek beredi.

Mámleketimiz basshıları tárepinen isbilermenlikti qollap-quwatlaw boyınsha bir qatar baslamalar alǵa qoyılǵan. Atap aytqanda, hár jılı 20-avgust «Isbilermenler kúni» sıpatında belgilenip, isbilermenler menen tikkeley sóylesiwler shólkemlestiriledi. Bul ushırasıwlar dawamında tarawdaǵı áhmiyetli mashqalalar dodalanıp, olardıń sheshimi boyınsha ámeliy ilajlar belgilep barıladı. Sonıń menen birge, isbilermenlik ortalıǵın bunnan bılay da jaqsılaw maqsetinde bir qatar párman hám qararlar qabıl etilmekte, nızamshılıq bazası jetilistirilmekte.

Sońǵı ashıqtan-ashıq sóylesiwlerden biri Qaraqalpaqstan Respublikasında shólkemlestirilip, onda isbilermenlikti rawajlandırıw ushın qosımsha sharayatlar jaratıw boyınsha áhmiyetli baslamalar alǵa qoyıldı. Sonıń ishinde, kishi hám orta biznes subyektlerin finanslıq jaqtan qollap-quwatlaw maqsetinde kredit resurslarınıń kólemi arttırılǵan bolıp, jıl basınan berli 35 mıńnan aslam isbilermenlerge 3,5 trillion sumlıq mikrokreditler ajıratıldı. Bul qarjı resursları esabınan jańa jumıs orınları jaratılıp, xalıqtıń dáramatlarınıń artıwına tiykar jaratılmaqta. Isbilermenler menen bolıp ótken sóylesiwlerde jergilikli hám sırt elli isbilermenlerdiń Qaraqalpaqstan aymaǵında biznes júrgiziw imkaniyatları dodalandı. Usı sheńberde, «Qaraqalpaqstanda biznes etiń» baǵdarlaması islep shıǵılıp, usı regionda sanaat, awıl xojalıǵı hám xızmet kórsetiw tarmaqların rawajlandırıw ushın qolaylı sharayatlar jaratılatuǵını belgilendi.

Atap aytqanda, aymaqta salıq stavkaları tómenletilgen bolıp, payda, aylanıs, jer hám múlk salıqları 2 esege azaytılǵan, sociallıq salıq bolsa 1 procent etip belgilengen. Investiciyalıq joybarlardı qarjılandırıw maqsetinde Tikleniw hám rawajlanıw qorı arqalı 100 million AQSh dolları ajıratılıp, bul qarjılar sırt el valyutasında 5 procent, milliy valyutada 12 procent stavkada, 10 jıl múddetke shekem, 5 jıllıq jeńilletilgen dáwir menen kreditlestiriw imkaniyatın beredi. Sonday-aq, kredit kepillikleri usınılıp, Isbilermenlik jumısın qollap-quwatlaw mámleketlik qorı tárepinen kredit summasınıń 75 procentine shekem, biraq 2,5 milliard sumnan aspaǵan muǵdarda kepillik beriledi. Jas isbilermenler ushın bolsa óndiris hám xızmet kórsetiw ushın 7 jıl múddetke qarız qarjıları ajıratıladı. Jer ajıratıw procesinde de ápiwayılastırılǵan sistema engizilip, investiciyalıq joybarlar ushın tikkeley jer ajıratıw imkaniyatı bar. Jaslar sanaat hám isbilermenlik zonalarında bolsa isbilermenlerge jer maydanların ajıratıw hám tólemlerden azat etiw sıyaqlı jeńillikler berilgen. Eksport jumısın qollap-quwatlaw sheńberinde bolsa Qaraqalpaqstanda islep shıǵarılǵan ónimlerdi sırt mámleketlerge eksport etiwde transport qárejetleriniń 70 procenti qaplap beriledi. Bulardıń barlıǵı isbilermenlikti rawajlandırıwǵa hám ekonomikalıq belsendilikti arttırıwǵa qaratılǵan. Bul baslamalar Qaraqalpaqstan Respublikasında isbilermenliktiń keńeyiwine óziniń úlken tásirin kórsetti. 2024-jıl dawamında (yanvar-dekabr aylarında) Qaraqalpaqstan Respublikasında jámi 3 102 jańa kishi kárxana hám mikrofirmalar shólkemlestirildi. Bul kárxanalar fermer hám diyqan xojalıqlarısız esaplanǵan. Bul bolsa aymaqta biznes ortalıǵınıń qáliplesiwi, jańa jumıs orınlarınıń jaratılıwı hám ekonomikalıq belsendilik dárejesiniń artıwına túrtki beretuǵının ańlatadı.

Respublikanıń jalpı aymaqlıq óniminde (JAÓ) kishi isbilermenlik subyektleriniń úlesi sezilerli dárejede joqarı bolıp, 2024-jıldıń yanvar-dekabr aylarında 65,8 procentti quradı. Bul bolsa 2023-jıldıń sáykes dáwirinde dizimge alınǵan 64,6 procentlik úleske salıstırǵanda ósiw baqlanǵanın kórsetedi. Kishi biznestiń JIÓ quramındaǵı úlesiniń artıwı isbilermenlik sektorınıń aymaqlıq ekonomikanıń rawajlanıwındaǵı áhmiyetli ornın jáne bir márte tastıyıqlaydı.

Sonday-aq, Qaraqalpaqstan Respublikasında kishi isbilermenlik tarawında ámelge asırılıp atırǵan reformalar, isbilermenlik jumısın qollap-quwatlawǵa qaratılǵan jeńillikler hám subsidiya baǵdarlamaları kishi biznestiń rawajlanıwına xızmet etpekte. Kishi isbilermenler ushın kredit resurslarına qolaylı shártlerde iye bolıw, salıq jeńillikleri hám mámleket tárepinen kórsetilip atırǵan járdemlerdiń artıwı kelesi jıllarda da isbilermenlik subyektleriniń sanınıń kóbeyiwine tiykar jaratıwı kútilmekte.

Juwmaqlap aytqanda, mámleketimizde isbilermenlik jumısın qollap-quwatlawǵa qaratılǵan sistemalı reformalar tek ǵana milliy ekonomikanıń turaqlı rawajlanıwın támiyinlep qoymastan, al xalıqaralıq investiciyalıq tartımlılıqtı da arttırmaqta. Prezidentimizdiń baslamaları menen ámelge asırılıp atırǵan bul ilajlar isbilermenlik subyektleriniń sanınıń artıwına, jańa jumıs orınlarınıń jaratılıwına hám ekonomikalıq ósiw pátleriniń jedellesiwine xızmet etpekte.

**ÁDEBIYATLAR**


1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıldaǵı Oliy Májliske Múrájatnaması
2. O`zbekiston Respublikasi Prezidentining 2020 yil 12 maydagi PF-5992-sonli «O`zbekiston Respublikasining bank tizimini isloh qilish strategiyasi» to`g`risidagi farmoni//Qonun hujjatlari ma’lumotlari milliy bazasi, 13.05.2020 y., 06/20/5992/0581-son
3. Gazeta.uz. Kishi hám orta biznesti finanslıq qollap-quwatlaw sisteması jetilistiriledi. - 2023-jıl 13-noyabr. - https://www.gazeta.uz/oz/2023/11/13/business-support/
4. Ózbekstan Respublikası Statistika komitetiniń https://stat.uz/ saytı maǵlıwmatlarına tiykarlanıp islep shıǵıldı
5. Daniyarov, K., Bayzhanov, S., Baymuratova, Z., & Zhuzbaev, A. (2023). Financial support for business subjects in the innovative development of the Uzbek economy. In E3S Web of Conferences (Vol. 381, p. 01002). EDP Sciences.
6. Aytmuratova, U. (2021). Directions to Increase the Efficiency of Investment Activity in Enterprises. *International Journal of Innovative Research in Science, Engineering and Technology*, *10*(4), 3910-3913.


*Kichik biznes subyektlari tadbirkorligining hozirgi holati va uning o‘zbekiston iqtisodiyoti rivojidagi o‘rni*


**Annotatsiya:** Mazkur maqolada O‘zbekistonda kichik biznes subyektlari faoliyatining hozirgi holati, ularning iqtisodiyotdagi o‘rni va ahamiyati tahlil qilingan. Shuningdek, mamlakatda tadbirkorlikni rivojlantirish bo‘yicha amalga oshirilayotgan islohotlar, davlat tomonidan ko‘rsatilayotgan moliyaviy qo‘llab-quvvatlash choralari va kredit siyosatining ta’siri o‘rganilgan. Hududlar kesimida kichik biznes subyektlarining rivojlanish dinamikasi ham tahlil qilingan. Tadqiqot natijasida kichik biznesning iqtisodiy o‘sish, bandlikni ta’minlash va investitsion jozibadorlikni oshirishdagi muhim ahamiyati asoslab berilgan.



**Kalit so‘zlar:** Kichik biznes, tadbirkorlik, iqtisodiy rivojlanish, kredit siyosati, investitsiyalar.


*Современное состояние деятельности субъектов малого бизнеса и их роль в развитии экономики узбекистана*


**Аннотация:** В данной статье проанализировано современное состояние деятельности субъектов малого бизнеса в Узбекистане, а также их роль и значение в экономике страны. Рассмотрены проводимые реформы по развитию предпринимательства, меры государственной финансовой поддержки и влияние кредитной политики. Также проведён анализ динамики развития субъектов малого бизнеса по регионам. В результате исследования обоснована важная роль малого бизнеса в обеспечении экономического роста, занятости населения и повышении инвестиционной привлекательности.



**Ключевые слова:** Малый бизнес, предпринимательство, экономическое развитие, кредитная политика, инвестиции.


*The current state of small business entities and their role in the development of uzbekistan’s economy*


**Abstract:** This article analyzes the current state of small business entities in Uzbekistan, as well as their role and significance in the national economy. It examines ongoing reforms aimed at developing entrepreneurship, government financial support measures, and the impact of credit policy. The regional dynamics of small business development are also analyzed. The study highlights the important role of small businesses in ensuring economic growth, employment, and increasing investment attractiveness.



**Keywords:** Small business, entrepreneurship, economic development, credit policy, investments.